

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh pikeun ngaguar aspék struktural jeung antropologi sastra nu nyangkaruk dina karya sastra nyaéta novél. Objék nu ditalungtikna nyaéta novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia. Ulikan struktur carita nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh dumasar kana tiori struktural Robert Stanton (téma, fakta carita, jeung sarana sastra), sedengkeun unsur antropologi sastra nu diguar dina ieu novél dumasar kana tiori Nyoman Kutha Ratna (mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor, jeung mitos).

Analisis struktural dina ieu panalungtikan téh maluruh ngeunaan téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Téma nu nyangakaruk dina ieu carita nyaéta “mistéri pembunuhan Kirana jeung kamunafikan Adiguna”. Ieu téma téh ngawengku tujuh pasualan: (1) nyusud mistéri kasus tilarna Kirana, (2) ingetan nu matak nineung, (3) Adiguna nyumput-nyumputkeun kasus tilarna Kirana, (4) kasoléhan ukur kedok pikeun nutupan watek nu saenyana, (5) ingetan nu jadi pituduh, (6) mistéri nu matak ngalieurkeun panalungtikan kasus, jeung (7) kasibukan wartawan. Galur nu digunakeun dina ieu novél téh nyaéta galur campuran. Tangtu dina galur caritana aya tahapan-tahapan nu ditulis ku pangarang nurutkeun unggal adeganana, saperti *pengenalan*, tahap timbulna konflik, konflik memuncak, tahap klimaks, jeung tahap pemecahan masalah. Palaku nu mindeng dicaritekeun dina ieu novél aya sabelas urang. Tina sabelas urang téh palaku utamana nyaéta Jaka, sarta sapuluh palaku tambahan nu ngawengku Kirana, Suminar, Adiguna, Bi Duri, Alam, Karsa, Karsih, Garnida, Mang Gafur, jeung Bi Saléha. Latar dina ieu novél dibagi jadi tilu bagian, nyaéta latar tempat, waktu, jeung sosial. Latar tempat nu kapanggih aya dua belas, nyaéta di kantor rédaksi koran Pelangi Pagi, di imah Adiguna, di imah Jaka, di Universitas Pasundan, di tukang baso, di imah Bi Duri, di salon, di tukang dawegan, di désa Batununggal, di imah Karsa, di Imah Garnida, jeung di kantor pulisi. Latar waktu nu nyampak dina ieu novél aya

sabelas, nyaéta isuk-isuk, beurang, peuting, kamari, pagéto, minggu hareup, énjingna, taun-taun nu ka tukang, kapungkur, poé éta, jeung pukul salapan. Latar sosial nu kagambar dina ieu novél aya tilu, nyaéta digunakeunana kahirupan ngaménak, kamunafikan dina kahirupan sosial, jeung profésionalisme gawé. Sabada fakta carita, aya sarana sastra nu ngawengku judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Judul ieu novél téh *Imah Agréng*. Imah agréng hartina imah nu merenah tur eusina sagala aya. Éta judul téh ngarujuk kana imah Adiguna nu jadi puseur pasualan ieu carita. Puseur implengan nu digunakeun ku pangarang nyaéta puseur implengan jalma kahiji. Kecap gaganti nu digunakeun téh nyaéta kecap “kuring”. Gaya basa anu kapanggih dina ieu novél aya opat nyaéta rarahulan, mijalma, lalandian, jeung ngumpamakeun.

Analisis nu satuluyna nyaéta antropologi sastra Kutha Ratna. Unsur-unsur antropologi sastra nu diguar nyaéta mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor, jeung mitos. Mangsa heubeul dina ieu novél téh nyampak dina sababaraha kajadian, nyaéta motivasi Jaka nalungtik kasus tilarna Kirana, kasang tukang Adiguna di satukangeun kamunafikanana, jeung asal-usul Kirana. Kaarifan lokal nu kapanggih nyaéta ngawangkong bari ngopi, arsitektur imah modérn, kasenian goong degung, jeung tepak kendang Jaipong. Folklor dibagi jadi dua nyaéta tradisi lisan jeung sastra lisan. Anu kaasup kana tradisi lisan diantarana tustél, modél rohangsan sémah imah modérn, kopi, jeung kiripik sampeu. Sedengkeun sastra lisan anu kapaluruh tina ieu novél nyaéta lalandian, babasan, jeung paribasa. Mitos anu nyampak dina ieu novél téh aya tilu, nyaéta mitos kageulisan Kirana nu hésé tanding, mitos tilarna Kirana, jeung mitos kacuriga balukar tina sikep Adiguna nalika malibiran wartawan.

Dumasar kana kacindekan di luhur, novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia téh miboga struktur carita anu lengkep ti mimiti téma, fakta carita, nepi ka sarana sastra. Éta unsur-unsur téh kapaluruh tina unggal adegan nu dilakonan ku para palaku carita. Kitu ogé dina analisis antropologi sastrana, unsur-unsur antropologi saperti mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor, jeung mitos karandapan ku para palaku carita nalika ngawangun jeung mekarna konflik dina ieu novél.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil-hasil analisis nu dipedar, ieu panalungtikan téh tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sok sanajan ieu panalungtikan téh miboga kahéngkéran tina sababaraha aspék lantaran waktu anu heureut jeung référensi panalungtikan saacanna anu langka, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina widang paélmuan. Dina kaonjoyanana, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa mawa kahadéan, jadi wawasan anyar pikeun nu macana, ngeuyeuban panalungtikan antropologi sastra hususna dina sastra Sunda, tur ningkatkeun minat literasi di masarakat.

5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan téh ditujukeun ka sababaraha pihak nyaéta 1) pikeun panalungtik nu satuluyna, 2) pikeun guru jeung masarakat umum. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa jadi référensi sangkan bisa tuluy nyampurnakeun panalungtikan séjenna, hususna dina widang antropologi sastra. Pikeun guru jeung masarakat umum, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa jadi tatapakan dina maham kahirupan masarakat modérn tur ngungkulan pasualan literasi.